ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

І924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№108 (24.234) • 2021 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 9, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Федеральнэ штабым и зэlущlэм щыхэплъащ газыр зылъэмыlэсахэм яхущlэшэжынымкlэ мурадхэм

**Газыр къэзыгъэсэбэпхэм ялъэгъэlэсынымкlэ федеральнэ штабым и зи чэзу зэlущlэм щlыналъэхэм я лlыкlуэхэм утыку къыщрахьащ газыр унагъуэхэм яхущlэшэнымкlэ заявкэхэр къызэрыlахыр, апхуэдэу а гъэсыныпхъэм хуэныкъуэ унагъуэхэр къызэрапщытэр. Апхуэдэу къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лэжьыгъэм пыщlа хабзэ мардэхэр зэрагъэхьэзырым. Зэlущlэр иригъэкlуэкlащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щекlуэкl лэжьыгъэхэр и нэlэ тригъэтыну мэкъуауэгъуэ мазэм зи пщэ иралъхьа Новак Александр.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и щlыналъэхэм я лlыкlуэхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ къэралым и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува къалэнхэр гъэзэщlэным хиубыдэу газыр зылъэмыlэсахэм яхущlэшэнымкlэ субъектхэм щызэфlагъэкlхэм. Хэхауэ мы зэlущlэм щызэпкърахащ къэралым и субъекту плlым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Краснодар крайм, Новосибирск, Псков областхэм мы lуэхум ехьэлlауэ щызэфlагъэкlынухэм я планхэм.

Апхуэдэу зэlущlэм щызэпкърахащ гъэсыныпхъэр пщlэншэу зрашэлlэну унагъуэхэр зэраубзыхум. Иджыпсту Правительствэм и комиссэм егъэтэмэмыж газыр зылъэмыlэсахэм яхущlэшэжынымкlэ программэм хиубыдэнухэм я бжыгъэр. Абы теухуауэ махуэ къэс заявкэу къаlэрыхьэр зы миным щегъэжьауэ минищым нос.

Зэlущlэм хэтахэм щыгъуазэ защlащ Правительствэм и деж щыlэ Зэзыгъэуlу центрым и лэжьыгъэм, щlыналъэхэм щыпсэухэм ящыщу газыр зылъэмыlэсахэм яхущlэшэжынымкlэ зыхуеину хабзэ мардэхэр Правительствэм зэригъэхьэзырым.

# НыбжьыщІэ миным нэблагъэм зыщаужь

**Къэралым и Іэтащхьэ Путин Владимир и жэрдэмкІэ 2015 гъэм Сочэ къыщызэІуаха «Сириус» егъэджэныгъэ центрым зеужь, ехъулІэныгъэфІхэр зрегъэгъуэт. «Талантымрэ ехъулІэныгъэмрэ» фондым игъэлажьэ а ІуэхущІапІэм щекІуэкІхэр хуэунэтІащ сабийхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм адэкІи зегъэужьыным, щІэныгъэфІ зрагъэгъуэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуным.**

ІУЭХУ зехьэкІэфІхэр щыщыІэщ икІи абы и лъэныкъуэкІэ бгъэдэлъ къулеягъымкІэ ядэгуэшэфынущ къэралым и курыт школхэм илъэс еханэ хъуауэ лажьэ центрым. «Сириус»-м и унафэщІ Шмелёвэ Еленэ зэрыжиІэмкІэ, ІуэхущІапІэр хьэзырщ и Іуэху зехьэкІэ пашэхэм нэгъуэщІ еджапІэхэм зыщригъэужьыну. Апхуэдэ жэрдэмыр диІыгъыу, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм зэхигъэуващ федеральнэ программэ щхьэхуэ. Абы ипкъ иткІэ къэралым щылажьэ курыт школ псоми зыщебгъэубгъуфынущ нэхъ еджапІэ пэрытхэм лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщ мардэхэм.

Урысей Федерацэм хыхьэ щІыналъэ куэдым «Сириус»-м и къудамэхэр мы зэманым къыщызэІуах. Апхуэдэ ІуэхущІапІэхэм ящыщщ, къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ «ДыгъафІэ къалэм» къыщызэІуаха «Антарес» щІыналъэ егъэджэныгъэ центрыр. ІуэхущІапІэм илъэсым хуэзэу ныбжьыщІэ миным нэсым щадолажьэ. «ЩІэныгъэ», «Гъуазджэ», «Спорт», нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэмкІи сабийхэм зыщрагъэужь «Антарес»-м щІэх-щІэхыурэ щызэхашэ щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ еджэныгъэхэр, курсхэр, зэпеуэхэр. ЗэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэм зэрадэлэжьапхъэ программэ хэхахэм тету къызэгъэпэща а Іуэхухэм яфІэфІу хэтщ ди республикэм и курыт школ зэмылІэужьыгъуэхэм я еджакІуэхэр.

- Ди егъэджэныгъэ центрым мы зэманым щедгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщ куэдкІэ къыддэгуэшащ «Сириус»-р. А ІуэхущІапІэм Интернетым щиІэ плІанэпэм ІэмалыфІхэр къыдет курс зэмылІэужьыгъуэхэр зэпыІудзауэ едгъэкІуэкІыну, ди дерсхэр егъэджакІуэ цІэрыІуэхэм тхурагъэкІуэкІыну, - жеІэ «Антарес»-м и пашэ Джаппуевэ Тамарэ. - Апхуэдэ щІыкІэхэм тету къызэдогъэпэщ икІи идогъэкІуэкІ урысейпсо олимпиадэхэри.

ПсынщІэ дыдэу зызыужь, Іуэху зехьэкІэщІэхэр къыщежьэ иджырей лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ иІэщ зэманым зыдегъэкІуным. ЩІэблэ узыншэ, губзыгъэ, гъэса къытщІэхъуэнымкІэ икъукІэ къызэрытхуэщхьэпэнум шэч хэлъкъым «ДыгъафІэ къалэм» иджыблагъэ къыщызэІуаха «Антарес» щІыналъэ егъэджэныгъэ центрыр.

**КЪАРДЭН Ритэ.**



# КъБР-р щІыналъэ финансхэр нэхъ тэмэму зэблэзыгъэкІхэм хабжэ



**Урысей Федерацэм ФинансхэмкІэ и министерствэм хэlущlыlу ищlащ къэралым и щlыналъэхэм финансхэр зэрыщызэрагъэаклуэмкlэ 2020 гъэм тещlыхьа я рейтингыр. Абы УФ-м и щlыналъэ 85-р гупищу щыгуэшащ. «Щlыналъэ финансхэр фlы дыдэу щызэрагъэакlуэ» япэ гупым щlыналъэ 24-рэ, «щlыналъэ финансхэр тэмэму щызэрагъэакlуэ» гупым щlыналъэ 44-рэ, «щlыналъэ финансхэр тэмэму щызэрамыхьэ» гупым щlыналъэ 17 хэтщ.**

ЩІЫНАЛЪЭ финансхэр фlы дыдэу щызэрагъэакlуэ япэ гупым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу хагъэхьар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закъуэщ. Ди республикэр илъэс етlуанэ хъуауэ яхохуэ мы lуэхумкlэ зи рейтингыр лъагэ щlыналъэхэм.

Щlыналъэ финансхэр зыхуей хуэзэу зэрызэрахьэр 2009 гъэ лъандэрэ федеральнэ министерствэм къепщытэ. Абы и лъэныкъуэкlэ щlыналъэхэм щекlуэкl лэжьыгъэм и фlагъыр щаубзыхукlэ къалъытэ бюджет планхэр зэрызэхалъхьэр, бюджетыр зэрагъэзащlэр, щlыхуэхэмкlэ къалэнхэр зэрагъэзащlэр, къэрал мылъкур зэрызэрахьэр, щlыналъэхэмрэ абыхэм хиубыдэ муниципалитетхэмрэ я финанс зэдэлэжьэкlэр, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащlэр, УФ-м и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкlауэ щыта указхэр зэрагъэзащlэр. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къызэрилъытэмкlэ, къэралым и субъектхэм финансхэр зэрыщызэрахьэм и фlагъыр гъэ къэс къызэрапщытэр сэбэп мэхъу бюджет планхэр зэрызэхалъхьэр гъэтэмэмынымкlэ, бюджетыр тэмэму гъэзэщlэнымкlэ.

Псоми зэрытщlэжщи, къэрал щlыхуэр республикэм зэригъэмэщlар, коммерческэ щlыхуэхэр зэрытемылъыжыр, лъэпкъ проектхэр гъэзэщlэным хухаха ахъшэр нэсу къызэрагъэсэбэпар, республикэм и бюджетым къыхузэщlагъэуlуэ налог ахъшэм зэрыхэхъуар, 2020 гъэ илъэс мытыншым республикэм къыбгъэдэхуэ социальнэ къалэн псори зэригъэзэщlар КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гъэ кlуам и кlэм утыку къыщрилъхьауэ щытащ КъБР-м и Парламентым и зэlущlэм икlи абы щыгъуэ Правительствэм и пщэ ирилъхьащ щlыналъэ финансхэр тэмэму зегъэкlуэнымкlэ икlи бюджет планыр гъэзэщlэнымкlэ зыхуэфащэ lуэху псори зэфlигъэкlыну.

**ТЭНАЩ Анатолэ.**

# Пхъэщхьэмыщхьэр къърахьэлІэж

Мэкъумэш

**КъБР-м и мэкъуэмэш зэгухьэныгъэхэмрэ фермэхэмрэ ягъэкl пхъэщхьэмыщхьэхэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу.**

МЫ бжьыхьэм и япэ махуэхэм мыlэрысэу, кхъужьу, пхъэгулъу, нэгъуэщl пхъэщхьэмыщхьэу къэрахьэлlэжар тон мини 100-м ноблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэр бжьыхьэ мыlэрысэщи, къэралым и щlыналъэхэм щащэну ирагъашэ. Нэхъ кlасэу хъу мыlэрысэмрэ кхъужьымри мыгувэу къыпачыжынущ.

Къуажэдэсхэм къищынэмыщlауэ зратащ мэраклуэ зэмылlэужьыгъуэхэр гъэкlыным икlи мы гъэм абыхэм мамкъуту тонн мин 1,2-рэ ящащ.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**

# «Бжьыхьэм и плъыфэхэр» жармыкІэ

**«Щэнхабзэм и щэбэт» урысейпсо лэжьыгъэм хиубыдэу фокlадэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм lуэху гукъинэ зыбжанэ щекlуэкlынущ. Дунейр уэфlу ирихьэлlэмэ, а махуэм сыхьэт 11-м «Сосрыкъуэ» комплексым пэгъунэгъуу Зей lуащхьэм къыщызэlуахынущ lэпщlэлъапщlэхэм я lэдакъэщlхэр утыку къыщрахьэну «Бжьыхьэм и плъыфэхэр» жармыкlэр.**

КЪЭРАЛ музыкэ театрым и уэрэджыlакlуэхэм а зэман дыдэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цlэр зезыхьэ утым «Бжьыхьэ симфоние» концертыр щатынущ.

«Бжьыхьэ-2021» художественнэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэlуахынущ КъБР-м и Лъэпкъ музейм. Абы екlуалlэхэм щыгъуазэ защlыфынущ республикэм и художник нэхъ цlэрыlуэ дыдэхэм я сурэтхэм, графикэм, скульптурэхэм. Абы къыдэкlуэу КъБР-м ГъуазджэмкIэ и музейм, Ткаченкэ А. и цlэр зезыхьэм, щагъэхьэзыр «Лъэхъэнэм и щыхьэтхэр» гъэлъэгъуэныгъэр.

Поэзиер фlыуэ зылъагъухэм lэмал яlэнущ социальнэ сетхэм езыхэм щаlэ напэкlуэцlхэм Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэмкlэ къызэджэ усэхэр къралъхьэну.

Мы махуэм ирагъэкlуэкlыну лэжьыгъэ псоми я программэм щыгъуазэ зыщыфщl хъунущ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и сайтым и «Хъыбарегъащlэ Афиша» lыхьэм.



Ди къуэш республикэхэм

## ЛІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я джэлэс



АДЫГЕЙ. *Урысеидзэм и техникэ лъэщхэр щигъэлъагъуэ «Армия-2021» VII дунейпсо дзэ-техникэ форумым хэтщ Адыгэ Республикэри. Илъэсибл хъуауэ екlуэкl зэхыхьэ иным щагъэлъагъуэ ди къэралым и лъэщагъымрэ зыхъумэжыныгъэмкlэ промышленностым и зэфlэкlымрэ.*

АР-м и къалэкум щрагъэувэкlащ дзэ-техникэмрэ lэщэ-фащэхэмрэ я щапхъэхэр. Апхуэдэуи щlыналъэм и уэгум къыщалъэтыхьащ дзэ-хьэуа техникэу Урысейм иlэхэм ящыщхэм.

«Мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм ди щlэблэр хэкупсагъэм хуагъасэ, къыщалъхуа къэралым и дзэ тхыдэр кърегъэцlыху, хэкур фlыуэ ялъагъуу къэхъунымкlэ сэбэп мэхъу. Ди щlалэгъуалэм яlэщ лlыгъэм, хахуагъэм хуэпабгъэу, хэкум хуэпэжу, къызыхэкlа лъэпкъым хуэфащэу зэрыщытын хуеймкlэ щапхъэ зытрахын», - жиlащ Адыгэ Республикэм и lэтащхьэ Къумпlыл Мурат.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### COVID-паспорт

**Бельгием и Правительствэмрэ щlыналъэ унафэщlхэмрэ зэгурыlуауэ жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ къэралым и къалащхьэм - Брюссель - COVID-паспортхэр къыщагъэсэбэпу щlадзэнущ. Ар цlыхум вакцинэр зэрыхалъхьамкlэ, узыр зэрыщlэкlамкlэ е ар зэрыпкърымытыкlэ тест иригъэщlауэ зэрыщытым щыхьэт техъуэ дэфтэру щытынущ.**

БРЮССЕЛЬ щlыналъэм и премьер-министр Вервурт Руди зэрыжиlэмкlэ, ар сымаджэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, узым зэрыпэщlэт мастэр зыхрагъэлъхьэн зэрамыдэм зыхуиша lуэхущ. COVID-паспортыр зимыlэхэр цlыхухэр куэду щызыхыхьэ щlыпlэхэм ягъэкlуэнукъым.

Щытыкlэ гугъухэмкlэ лъэпкъ центрым узыншагъэр хъумэнымкlэ и lэщlагъэлlхэм къалъытэ Бельгием жэпуэгъуэ-щэкlуэгъуэ мазэхэм коронавирусым и еплlанэ лъэхъэнэр щыlэну. Абы ипкъ иткlэ къэралым и щlыналъэ псоми паспортхэр къыщыхалъхьэну къыщlэкlынщ.

### КъалэщІэ къоунэху

**Краснодар и ищхъэрэ-къухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ цlыху мин 200-м нэблагъэ зыдэхуэн къалэ цlыкlу къыщыунэхунущ.**

- ИЛЪЭС 50 ипэкlэ дыплъэу къалэщlэ духуэну ди мурадщ, абы папщlэ а lуэхум къаруушхуи зэфlэкlышхуи етхьэлlэн хуейщ, - жеlэ Кубань и вице-губернатор Алексеенкэ Андрей.

Къалэщlэм щlы гектар мини 2,2-рэ хухахащ. Псэуныгъэм пыщlа тыншыгъуэ псори зэпалъытауэ ар яухуэнущ. Сыт и лъэныкъуэкlи зыхуей хуэгъэза lуэхущlапlэ зэмылlэужьыгъуэхэр дащlыхьынущ, къалащхьэм тыншу упызыщlэ транспорт-хэмкlи къызэрагъэпэщынущ.

lэщlагъэлlхэр иджыпсту иужь итщ псыр, электричествэр щlыпlэм зэрырашэлlэным теухуа проектхэр гъэхьэзырыным.

Крайм и администрацэм къызэрыхагъэщымкlэ, Урысейм дяпэкlэ къыщыунэхуну къалэщlэхэм мыр я щlэдзапlэщ.

### Къулыкъум хуэпэжащ

**УФ-м къызэрымыкlуэ щытыкlэхэмкlэ и министр Зиничев Евгений къулыкъукlэ и къалэныр игъэзащlэу хэкlуэдащ.**

АР къыщыхъуар арктикэ щlыналъэхэр къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм щыхъумэнымкlэ Норильск щрагъэкlуэкl зыгъэсэныгъэхэрщ. lуэхугъуэхэр тезых гупым хэт операторыр зэрымыщlэкlэ лъапэрапэу псыр зыдэт къуэм щыдэхуэм, зыми зыкъащlэжыну хунэмысу, Зиничевым абы зыкlэлъидзащ. Аращхьэкlэ мывэ къырым техуэри иукlащ.

Министрым и къалэн нэхъыщхьэр игъэзащlэу, къегъэлакlуэу и гъащlэр иухащ.

## Фокlадэм и 9 махуэку

- ✦Дахагъэм и дунейпсо махуэщ
- ✦Дизайнер-графикым и махуэщ
- ✦Кърум и дунейпсо махуэщ
- ✦Танкистым и махуэщ
- ✦**1828 гъэм** къалъхуащ урыс тхакlуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Толстой Лев**.
- ✦**1882 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ джэгуакlуэ **Щхьэлахъуэ Алий**.
- ✦**1921 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и Лlыхъужь **Тхьэгущэ Имэхьил**.
- ✦**1942 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ сурэтыщl, Адыгэ Республикэм щlыхь зиlэ и художник **Хьэпышт Хьисэ**.
- ✦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щlыхь зиlэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**
- ✦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгей сурэтыщl **Гъуэгунокъуэ Мурат**.
- ✦Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 38-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 27-м.
- ✦Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 49-рэ.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкlэ, ди республикэм махуэр кlэгъэпшагъэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16-17, жэщым градус 12-13 щыхъунущ.

## Фокlадэм и 10 мэрем

- ✦**Цlыхум зиукlыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**
- ✦**1940 гъэм** СССР-м паспортхэр тыным теухуа унафэ къыщащтащ.
- ✦**1916 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ, тхакlуэ, драматург **Щоджэнцlыкlу lэдэм**.
- ✦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩlДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Бажэнэ Мурат**.
- ✦**1937 гъэм** къалъхуащ медицинэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Кlэнцlэлий Лиуан**.
- ✦**1938 гъэм** къалъхуащ УФ-м щlыхь зиlэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиlэ хеящlэ **Къунаш Адэлбий**.
- ✦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м и цlыхубэ егъэджакlуэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и егъэджэакlуэ **Къанщыкъуей Риммэ**.
- ✦**1939 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ, политик **Сэхъу Владимир**.
- ✦Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 39-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 26-м.
- ✦Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 47-рэ.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкlэ, ди республикэм махуэм пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20-22-рэ, жэщым градус 11-13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

**Зымылъэгъуа хашэ хъуркъым.**

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ



**ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - жэпуэгъуэм (октябрым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 350-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

# Бахъсэныщхьэм и къурш щыгу сытету

## КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу



*УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ Iэзэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм 1916 гъэм фокIадэм и 10-м Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Абы курыт еджапIэр къыщиуха нэужь зы илъэскIэ колхозым щылэжьауэ, ар щIотIысхьэ Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым илъэсищкIэ щеджауэ, Дыгулыбгъуей къуажэм егъэджакIуэу ягъакIуэ. Ар абы щолажьэ илъэсрэ ныкъуэкIэ.*

*1939 гъэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ. 1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ Iэдэм шу дивизэм хэтащ. Зауэ IэнатIэм здыIутым, абы зэхуэдэу егъабзэ фочри къалэмри. Ар ящыщщ Кавказыр, Украинэр, Молдавиер хуит къэзыщIыжа зауэлIхэм, адэкIэ Румынием, Венгрием, Австрием, Чехословакием щызэуахэм...*

*Зауэ нэужьым ЩоджэнцIыкIум къулыкъу зыбжанэ зэрихъуэкIащ, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэхэр иригъэкIуэкIащ. 1947 гъэ пщIондэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и секторым и унафэщIу лэжьащ. 1941 - 1951 гъэхэм Къэбэрдей педагогикэ институтым и егъэджакIуэщ. 1954 гъэм Iэдэм хах республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэу, 1955 - 1956 гъэхэм Къэбэрдейм щэнхабзэмкIэ и министрщ. 1965 - 1970 гъэхэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.*

*Iэдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, Мамырыгъэр хъумэнымкIэ республикэ комитетым и унафэщIу мызэ-мытIэу хахащ, ди литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIи «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр (1969 гъэм), Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр (1976 гъэм) къыхуагъэфэщащ.*



Республикэм и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ.



Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэху.

## Гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуащ

Нобэ си ныбжьым итхэр дыщIалэщIэ дыдэу литературэм дыхыхьэну дыщыхуежьа 50 гъэхэм щыгъуэ псом япэу дызыхуэзэр ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ КIуащ БетIалрэт. А тIуми я щхьэр нэхъыбэ дыдэрэ зыгъэузхэм сащыщт сэ. Апхуэдэу щIыщытыр, япэрауэ, ди къуажэр къалэм пэгъунэгъути аращ. Абы сыкъэкIуэн папщIэ, уэстын щыIэтэкъым - школ нэужьым сыкъыщIэпхъуэрт, Шыхъуэфэпс сыкъызэпрыжырт, Затишьем сыкъыфIэжырти... Театральнэ (нобэ Головко и цIэр зэрехьэ) уэрамым тет унэм сыщIыхьэрт. Арат я хэщIапIэр ди ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIхэм. Арат 1951 гъэм япэ дыдэу Iэдэм сыщыхуэзари.

Хузимурадми зэрыхъунуми семыгупсысурэ, жэщкIэрэ (махуэм хущIыхьэгъуэ дэнэ къикIынт: еджэнми унагъуэ Iуэхухэми щхьэ къэIэтыпIэ къуатыртэкъым) усэ гуэрхэр стхыуэ щIэздзат. Зыкъом «къыщIезгъэдза» нэужь, абыхэм сакъыхуоджэ си классэгъухэм. Си ныбжьэгъухэм я жьэр пхуэубыдынт? «Я Пушкин», «Я ЩоджэнцIыкIу Алий» къызэрыунэхуар ди егъэджакIуэхэм ирагъащIэ. Си классэгъухэр мыхъуамэ, сэ ди нэхъыжьхэм закъезгъэщIэфынуи къыщIэкIынтэкъым. АрщхьэкIэ си тхыгъэхэм щыгъуазэ хъуа егъэджакIуэхэм сытрагъэгушхуащ.

Арати, 1951 гъэм ТхакIуэхэм я союзым сыкъокIуэ. Iэдэм щIалэ къекIу хэщIыхьат, цIыху зэпIэзэрытт, Iэдэбт. Щабэу, гуапэу, Iэсэ дыдэу къопсалъэрт. Ауэрэ сызден IуэмIуэм, апхуэдизкIэ сигу ирихьати, абы си усэхэр тха мыхъуауэ къызжиIэу си жагъуэ къищIыфыну си фIэщ схуэщIыртэкъым. АрщхьэкIэ сыщыуауэ къыщIокI. Iэджэ къысхуригъэкIуэкIа нэужь, и псалъэр зэриухыжаращ: «Умытхэну пхузэфIэкIынумэ, умытхэ».

Абы иужькIэ уигу фIы щыщIэнт? Зи жьэ зыгъэузу апхуэдизрэ къызэущиям сигу къыхуэкIаращ: «Сымытхэмэ, нэхъ къищтэу аращ». Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, сымытхэу схузэфIэмыкIыурэ, дыдейхэм фэтыджэн Iэджэ яфIэзгъэсащ. Махуэ къэс жыхуаIэу си усэхэр къызыхуэсхь Iэдэми КIуащ БетIали нэгъуэщI зыгуэру къызэплъ хъуащ: мы щIалэ ерыщ цIыкIур бжэмкIэ щIэпхужми, щхьэгъубжэмкIэ къыпфIыщIыхьэжынущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мыр мытхэу зыхузэфIэмыкIынухэм ящыщ къыщIэкIынщ жыхуаIэу арагъэнт.

Сэ абы сыщымыгъуазэми, Iэдэм си жагъуэ къызэрищIауэ щыта псалъэ гуемыIухэр жызыIэгъар урыс тхакIуэшхуэ Толстой Левт. ЗыжриIауэ щытари сэ схуэдэ тхакIуэ ныбжьыщIэ гуэрт. Гупсысэ кууүэ акъылышхуэ зыхэлъ а псалъэхэм къарыкIрат: умытхэн пхузэфIэкIынумэ, тхакIуэ ухъунукъым...

Сэ сызэрыхъуну щытар Тхьэм ещIэ, ауэ зыгуэр сыхъуамэ, ар зи фIыщIэр, иджыри къытызогъэзэжри, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, КIуащ БетIал, Къардэн Бубэ сымэщ. Ахэр гъащIэ ябгэми, зауэ мафIэ гуащIэми япсыхьа адыгэ щIалэ хьэлэмэтхэт. Лъэпкъми щэнхабзэми папщIэ абыхэм ямыщIэфын, ахэр къызэрыпхуикIуэтын зэрыщымыIэр зи нэгу щIэкIар си закъуэкъым. Пэжщ, языныкъуэхэм я щхьэ тралъхьэркъым ахэр мыхъуамэ, сэ усакIуэ, тхакIуэ сыхъунтэкъым жаIэу зыкъаумысыжу «загъэпудыжыну». Хэти сытыфэ къызреплъ, ауэ сэ шэч къытесхьэркъым мо цIыху телъыджэхэр мыхъуамэ, си гъащIэ гъуэгум нэгъуэщI зыгуэрым сыхуишэнкIэ хъуну зэрыщытам...

Литературэ IуэхукIэ, лэжьыгъэкIэ сэ нэхъыбэ дыдэрэ сызрихьэлIар Iэдэмт. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, БетIал игъуэ нэмысу дунейм ехыжат, Буби, зэрытхакIуэм къыдэкIуэу, егъэджакIуэ, щIэныгъэ Iуэхум зритыжат. ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэу псом нэхърэ нэхъыбэрэ лэжьар Iэдэмщ. Арат абы нэхъыбэрэ сыщIыхуэзэри. Седжэу Москва сыщыщыIа илъэсхэм Iэдэми лэжьыгъэ IуэхукIэ абы нэкIуэрейуэ щытащ. ИкIи ди институтым нышIэмыхьэу, си Iуэху зыIутыр зримыгъащIэу, сыкъыщIишрэ симыгъафIэу, сигъэгушхуэу сыкъримышэкIауэ зэи къэкIуэжу щытакъым. ИтIанэ гъащIэм нэхъри зэгъунэгъу дещI: 1958 гъэм Iэдэм Москва ноIэпхъуэ, и бынунагъуэри щIыгъуу. Зауэм ипэкIэ пединститутыр къиуха, егъэджакIуэуи школым и унафэщIуи лэжьа, щIэныгъэфIи бгъэдэлъ пэтми, акъыл зиIэм акъыл къелъыхъуэ, жаIэ. Зи усыгъэхэмкIи зи прозэ тхыгъэхэмкIи, псом хуэмыдэу «Софят и гъатхэ» повестымкIэ, къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и щIэныгъэм, и Iэзагъэм нэхъри хигъэхъуэну еджакIуэ нэкIуауэ арат. Зы унэм дыщеджэу, нэгъуэщI унэми дыздыщIэсу арати, махуэ псом дызэщIыгъут. Зи тхыгъэхэмкIи зи къулыкъухэмкIи, псом ящхьэращи, зи цIыхугъэрэ дуней тетыкIэ дахэкIэ Москва фIыуэ къыщацIыху, зэIущIэшхуэхэм, утыкушхуэхэм ирагъэблагъэрей Iэдэм езыр здэкIуэм сэри куэдрэ сыздишэрт. Сигъэгушхуэн, цIыху хэтыкIэ сигъэщIэн папщIэ. Хабзэм, дуней тетыкIэм сыхуригъаджэу арат. Езым пщIэ къыхуэзыщIхэм сэри сакъригъэцIыхурт. Си гъуэгур схуиузэщIырт.

Апхуэдэ узэщIакIуэу, ущиякIуэу ар зиIар си закъуэкъым. ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щылэжьа илъэс щэщIым нэблагъэм къриубыдэу ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ищIэфар зыхуэдизыр ящIэж ди тхакIуэхэми журналистхэми. Пэжщ, джэдыкIэм цы къыхэзыхыну зи мыжагъуэхэм арэзы къыздэмыхъунхэри, адрейхэм яхуимыщIар сэ къысхуищIэу щытауэ жызыIэнхэри яхэтынкIэ мэхъу. Ауэ сэ схужыIэнукъым Iэдэм нэфI-ней зэрихьэу, зэхэгъэж ищIу щытауэ. Адрейхэм яхуищIэ дыдэрат сэри къысхуищIэр: фэтэр, тхылъ къыдэгъэкIын Iуэху щхьэкIэ дгъэлъэIуэну дежэлIамэ, абы ди хьэтыр къыщимылъэгъуа щыIауэ жызыIэм гуэныхь къихьынщ. Пэжщ, езыр дэр щхьэкIэ зэлъэIуахэм къыщагъэщIэхъу куэдрэ къэхъурт. Абы и Iуэхур нэгъуэщIщ...

Си ныбжьэгъу нэхъыжьу, и цIыхугъэрэ и дуней тетыкIэ дахэкIэ къилэжьу пщIэшхуэ зыхуэсщIу илъэс 40-м щIигъукIэ сыкъызэдэгъуэгурыкIуа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и цIэфI куэдрэ жысIащ. ИкIи жысIэнущ. Си гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэм и напэкIуэцIхэм хуэфащэ увыпIэ щигъуэтащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. Арыншамэ, фIыщIэгъэкIуэд сыхъунт.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**,
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*

## А псори абы хужаIащ...

### ГурыщIэ лъагэ, гупсысэ куу

Ныбжьэгъу Iэдэм! «Софят и гъатхэ» уи повесть хьэлэмэтыр хуабжьу сигу хыхьэу сыкъеджащ. Ар усыгъэ пшыналъэрэ гурыщIэ нэхукIэ гъэнщIащ. АбыкIэ уэ бгъэпсащ цIыхум и гуащIэм, и уардагъэм теухуа уэрэд телъыджэ.

**Фадеев Александр.**
*1955 гъэ*

* * *

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэхэм сыт щыгъуи щынэрылъагъущ ар нобэрей зэманым декIуу, къызыхэкIа лъэпкъыр имыгъэгъуащэу зэрыщытыр. Абы и усэхэр гъэхуащ, пыухыкIащ. Абыхэм гурыщIэ лъагэ, гупсысэ куу япкърылъщ.

**Смирнов Сергей**,
*Горький Максим и цIэр зезыхьэ къэрал саугъэтым и лауреат.*
*1977 гъэ*

* * *

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и поэзиемрэ прозэмрэ нэхъыщхьэ дыдэу къыхэщ темэхэм ящыщщ цIыхумрэ абы и гуащIэмрэ, цIыхумрэ ар зыщыпсэу зэманымрэ, цIыхумрэ абы и дунеймрэ. А Iуэхугъуэшхуэхэр ЩоджэнцIыкIум гъунапкъэ зимыIэ гъащIэм и къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ цIыхум къабыл ящыхъуу нэгъэсауэ зэпкърех.

**Прокофьев Александр**,
*Ленин саугъэтым, СССР-м и къэрал саугъэтымя лауреат.*
*1966 гъэ*

### Сыт хуэдэ IуэхукIи узыбгъэдыхьэ хъун цIыхут

Къыщалъхуа Хэкум, къызыхэкIа лъэпкъым куэд яхуилэжьыфащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. Псом япэрауэ, къэралыр гузэвэгъуэ щыхэхуа лъэхъэнэм Хэкум и хъумакIуэ пэжхэм ящIыгъуу лIыгъэ щызэрихьэу ар хэтащ псэзэпылъхьэпIэ зауаем, текIуэныгъэ къэзыхьахэм я гъусэу къигъэзэжащ. Мамыр IэнатIэм Iуувэжа нэужь, абы иIакъым зы махуэ зыгъэпсэхугъуэ. ЗэрыусакIуэм, зэрыттхакIуэ гъуэзэджэм къыдэкIуэу, Iэдэм къекIуэкIащ щIэблэм я гъэсакIуэ, ущиякIуэ нэсу. Художественнэ литературэр куууэ зыхищIэрт Iэдэм, Iэрыхуэуи тхэрт, унафэщI IэкIуэлъакIуэт. Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум зэрыщеджэ лъандэрэ махуэл имыIэу Iэдэм жылагъуэ лэжьыгъэми хэтащ.

Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ Iэдэм IуэхукIэ узыбгъэдыхьэ хъун цIыхуу зэрыщытар - гуфIэгъуэкIи гузэвэгъуэкIи жэуап щыбгъуэтт абы и деж.

**Нало Ахьмэдхъан**,
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2006 гъэ*

### Къалэмыр Iэзэу зыгъэлэжьа

«Дуней нэпцI» жыхуэтIэм щыдиIэ гъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр абы къытеднэну лъэужьыр арауэ къысфIощI. А лъэныкъуэмкIэ убгъэдыхьэмэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм насыпыфIэщ. Абы фэеплъ дахэ дунейм къытринащ. Ар сытым щыгъуи цIыху щыпкъэу щытащ.

Революцэшхуэм и пщэдыкъым къыдалъхьэу, зи бжьэпэ къыщыхъуа Бахъсэн ябгэжьым ещхьу, зи гъащIэр уэру екIуэкIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и нэгу щIэкIащ колхоз зэхуэсри, кулак игъэсыкIри, лажьэ зимыIэ цIыху хейхэр зэраукIри, Хэку зауэшхуэм и мафIэ гъуэгури, зауэ нэужь хьэзабхэри, а хьэзаб кIыхьым яку къыдэлыдыкIа гуфIэгъуэ нэху кIапэри. А псори и нэгу щIэкIа къудейкъым Iэдэм, атIэ абыхэм дэтхэнэ теуэгъуэми хуэусащ. И гур къызэригъэдзэкIыу, и псэр къитхъунщIыжущ зэрыхуэусари. Ар Iэпэдэгъэлэлу зы Iуэхуи бгъэдэтакъым, цIыху къалэнымрэ Тхьэм къыбгъэдилъхьа тхакIуэ IэщIагъэ лъапIэмрэ хуэмыпэжу зы махуи псэуакъым.

Iэдэм ящыщщ зэманым и гуауэри и гуфIэгъуэри дэзыгъэву икIи и къалэмыр абы Iэзэу хуэзыгъэлажьэу гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа ди адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэм. ЩоджэнцIыкIу Алий и чэнджэщ губзыгъэхэм тету къыщIэзыдза Iэдэм хузэфIэкIащ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, КIуащ БетIал сымэ ябгъурыувэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр, и литературэр хэку псом и утыку ирихьэн. Абы и тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зэдзэкIауэ хамэ къэрал Iэджэми къыщыдэкIащ.

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд**,
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2001 гъэ*

## УСЫГЪЭХЭР

### Анэдэлъхубзэ

Си анэдэлъхубзэ, зэкъым уэ губгъэну
ЗэрыпхужаIахэр нэху къыптемыщхьэну,
ЖаIэрт убзэхыну, жьым зэрихьэ бгъэну,
КъалэкIыхьым адкIи сыфIумышыфыну.

Ауэ, зыпIэтащи, бгъэхэм уохьэуохуэ.
Тэрчым и псыпыхуу мыкIуэщIыжщ уи псалъэр.
Шууейр и уанэгум нобэ щогъэхахуэ,
Тхуожумарт сыт IуэхукIи уэ Iущыгъэу пхэлъыр.

ЗашэщIащ уи гъуэгухэм, къэрал Iэджэм нэсу.
НэгъуэщIыбзэ жылэхэр зыхэплъхьащ
бэвыгъэу.
Фыздопсэу бзэ Iэджэ нобэ зэнэзэпсэу.
Сэри сегъэусэ пхэлъ уи шэрыуагъэм.

Си анэдэлъхубзэ, узианэщ - ушэ, -
Анэр зэи хъуркъым гущэ уэрэдыншэ.

### Сыплъыхъуэрт

Сыплъыхъуэрт си гум сыхуимыту,
Узмыбжыххауэ си щыуагъэу.
Уи кIуапIэм куэдрэ схьащ сытету,
Сыпхуэзэххэнуи сымыгугъэу.

СыкIуэжми унэм, зызмытIэщIу,
Сыщыст сыщатэу-сыпхуэгухэу...
Къос гъатхэр аурэ. Дунейр пщIыпщIу
Мэгъагъэ, плъагъум нэр пIэпахыу.

АрщхьэкIэ си гур зэрыщIыIэт,
Схуэмыхъуу гъатхэр гурыфIыгъуэ.
Дэнэ сыкIуами уздыщыIэт,
Здумыхьу щытми зы Iуэху щIэгъуэ.

Хъуат уэркIэ си гур хьэжэпхъажэ,
Хуэнэхъуеиншэу Лъагъуныгъэм.
«Ерыщым щхьэлыр егъэхьэжэ!»
ЖысIэу, сытету схьырт си гугъэм.

А ерыщыгъэрщ зэхуэпабгъэу
ЗэпэIэщIахэр зы зыщIар.
СынасыпыфIэщ иджы слъагъуу
Уи нэкIу фопIытIыр, нитI пщIыпщIар.

### Уэрэд

Пшэ Iувхэр дыгъэм зэпхесыкIри
Уэгу лъащIэр нуру егъэнэху.
Апхуэдэу си гум ущохъуэпскIри
Мэлыд гурыщIэр, сыпIуплъэху.

Бгы лъагъуэр бгъуэщIым ежэхащи,
ЩIыгу тафэ гъуэгуу зеукъуэдий.
ПхуэсщIа гухэлъым зызIуихащи,
Ар хуэIыгъынкъым зы лъхудийм.

Си гугъэр гъащIэм и Iэмыру,
Насып нахуапIэу пыбгъэнащ.
Гухэлъ нэхугъэм ар и нуру,
Уэрэд мыухыу сигу къинащ.

### Зи гуращэ хуабэм...

Бахъсэнышхьэм и къурш щыгу сытету
СыщызокIуэ уафэ бгы гъунапкъэм...
Си щIалэгъуэр зауэ щIытIхэм ситу
Схьами зекIуэнымгум сибгынакъым.
Сыдахьэхыр бгыхэм сэ иджыри,
Сагъэхъуапсэ нэхъ лъагапIэ инхэм.
ЗысIэтыхукIэ бгыхэм нэхъ жыджэри
СащI - хуэпIащIэу бгы щыгу къэхутэнхэм.

Дауи, уигу хэхъуэнкъэ - псей фадэбжьэу
Терскол и салъкъынхэм уригъафэм,
КъодэхащIэу, уи гур ягъэхъыжьэу,
Уэздыгъейхэр къытеIэбэм щIыфэм!

Уигу хуэбэнкъэ - дыжь хъурыфэ щабэу
Псей шхыIэнхэм уаер къыпщагъащтэм!

Ухэхуэнкъэ бгы гушхуагъэр уибэу
Лыхъужьагъ мыухым узэщIищтэм!

Арщи, бгыхэм, къурш псы уэру ябгэу,
Си гурыщIэр лIыгъэм ерыщ хуащI...
Ей, щIалэгъуэ, къурш бгы щхьэхуу лъагэ,
ЖыджэрагъкIи зи къару мыкIуэщI!

ПщыгъэнщIащ уэ лIыгъэ ерыщагъкIэ
Бгыхэр - Алим и усэфIхэм хуэдэу.
Уардэу къуршым къелъэ псым гуфIагъкIэ
Гур хегъахъуэ - Къайсын и уэрэду.

Сэ абыхэм я къуэшыгъэ гуапэм
Срогушхуэ, ину сропагэ,
Бгыхэм - аддэ щыIэта гъуэгу пщхьэпэм
Хуэдэу, я насыпри ирелъагэ!

Ныбжьэгъу пэжхэм я къуэшыгъэм си лъэр
Сэри зекIуэ гъуэгум щагъэжан.
Япэ итырщ япэ узыгъаплъэр,
Япэ ищхэм сфIэфIщ сакъыдэжэн!

СокIуэ нэхъри - вагъуэм сыхуэIэгъуэу,
СокIуэ - щIылъэм вагъуэ щыблэн папщIэ...
СокIуэ сэ, фIэкIами си щIалэгъуэ -
Сэлэтыгум жыгъэ зэхимыщIэ!



# Лъагапlэ инхэм ухуэзышэ Iэмал

**Мы гъэм илъэс 55-рэ ирокъу ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэр гъэлъэпIэн зэрыщIадзэрэ. ЩIыпIэ куэдым щаIэт а махуэшхуэр Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) и унафэкIэ ягъэувауэ щытащ 1966 гъэм и фокIадэм и 8-м. Абы щыгъуэ Тегеран къыщызэIуахат егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрхэм я дунейпсо зэхуэсышхуэ.**

ЩIЫ ХЪУРЕЙМ и къэрал куэдым я лIыкIуэхэр къызрихьэлIа а конференцым щытепсэлъыхьауэ щытащ цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, къеджэкIэ, тхэкIэ, бжэкIэ ящIэу щIэблэр къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм. НэгъуэщIуи хъунукъым: дуней псор къапщтэмэ, еджэкIэрэ тхэкIэрэ зымыщIэ цIыху балигъхэм я бжыгъэр мелуан 800-м ноблагъэ. Абыхэм я нэхъыбапIэр бзылъхугъэщ. Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэса сабийхэм ящыщу еджэну Iэмал яIэкъым мелуан 75-м щIигъум.

ЦIыхубэм я егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ дэнэкIи къыщызэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ а IэнатIэм ноби лэжьыгъэшхуэ зэфIех. Абы и пашэ Гутерреш Антониу зэрыжиIамкIэ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ 2010 гъэм къыщыщIэдзауэ 2020 гъэм нэсыху Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм егъэджэныгъэм, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным я илъэсипщI ирагъэкIуэкIащ. ООН-м и апхуэдэ унафэр и лъабжьэу, Урысей Федерацэм щекIуэкIащ ЕгъэджакIуэм и илъэсыр. 2021 гъэр ягъэуващ ЩIэныгъэмрэ технологие пэрытхэмрэ я илъэсу. Апхуэдэщ илъэс зыбжанэ ипэкIэ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектри. Абы и унэтIыныгъэхэм япкъ иткIэ школ куэдым сом мелуан зырыз хъу къэрал дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ, егъэджакIуищэхэр сом мин 200, 100, 50 зырыз хъу ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ. Илъэс блэкIам и закъуэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу а проектым хуаутIыпщащ сом меларди 100-м щIигъу, псори зэхэту къапщтэмэ, абы нобэр къыздэсым хухахащ сом мелард 900-м щIигъу. 2024 гъэ пщIондэ щIыналъэхэм иджыри яIэрыхьэнущ сом мелард 300-м щIигъу.

Къищынэмыщlауэ, УФ-м и Президентым къыхилъхьащ «Ди школыщIэ» программэр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, дяпэкIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIауэ щытын хуейр ныбжьыщIэхэр зэрырагъаджэ щIыкIэм и фIагъыр хэпщIыкIыу егъэфIэкIуэнымрэ школакIуэ зэчииифIэхэр гъэпэжэнымрэщ. Апхуэдэу гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ сабийхэм я узыншагъэр хъумэным, псом хуэмыдэу иджырей лъэхъэнэм: коронавирус уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр щыщыIэ зэманым. Гулъытэ хэха хуащI школакIуэхэр я ныбжьымрэ я зэфIэкIымрэ елъытауэ егъэджэным, ерыскъы пщтыркIэ гъэшхэным, санитар-гигиенэ хабзэхэм изагъэу лэжьыгъэ псори школым къыщызэгъэпэщыным. ЩIыналъэхэм щылажьэ егъэджэныгъэ проектхэм ящыщщ «Иджырей школ», «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэр», «Бжыгъэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэр», «КъэкIуэнум и егъэджакIуэ», «IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр», «Сабий зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэн» и «НыбжьыщIэхэм я социальнэ жыджэрагъыр», «Демографие», нэгъуэщIхэри. Къэралым къыхъуэ щIэблэм щIэныгъэфI ябгъэдэлъхьэным хуэгъэпса а Iуэхугъуэхэм сом мелуан бжыгъэхэр хуаутIыпщ илъэс къэс.

Ди къэралым щолажьэ школ мин 50-м щIигъу. Абыхэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр щызэфIах IэщIагъэлI мин 40-м нэсым. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я процентыр абыхэм я Iыхьэ пщIанэм нызэрохьэс. Зи щIалэгъуэхэм я жыджэрагъымрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм щIэуэ халъхьэхэмрэ хуабжьу хуэныкъуэщ иджырей школыр. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыух щIалэгъуалэм ящыщу къуажэ школым щылэжьэну кIуэхэм саугъэт щхьэхуэ ятыпхъэу къилъытащ Президентым. А Iуэхугъуэм тещIыхьа «Къуажэ егъэджакIуэ» проектри илъэситI хъуауэ щолажьэ ди щIыналъэм. Абы ипкъ иткIэ къуажэ пхыдзахэм, жылэ цIыкIухэм, зи цIыху бжыгъэр мащIэ къалэхэм дэт школхэр зыхуэныкъуэ егъэджакIуэхэмкIэ къызэгъэпэща мэхъу, абыхэм къыщыхъу ныбжьыщIэхэми яхуэфэщэн щIэныгъэфIи ягъуэт.

Класс унафэщIхэми гулъытэ хэха ягъуэт илъэс етIуанэ мэхъури: абыхэм я лэжьапщIэм хущIагъу сом мин тхурытху.

УФ-м и цIыхухэм щIэныгъэ, IэщIагъэ егъэгъуэтыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу къэралым къызэрыщалъытэм и щыхьэтщ абы къызэщIиубыдэ щIыналъэхэм ящыщ дэтхэнэми тхэкIэрэ еджэкIэрэ зымыщIэ зы цIыхуи (я ныбжь елъытауэ) зэрыщумыгъуэтынури. ФокIадэм и 1-м школхэм екIуэлIэжащ сабий минищэхэр. Егъэджэныгъэмкlэ къэрал IэнатIэхэм яхузэфIэкIащ иужьрей илъэсищым сабий садхэм щызэтрихьауэ щыта чэзур ягъэмэщIэну. Садхэмрэ прогимназиехэмрэ мы гъэм кIуэну Iэмал яIэщ абы хуэныкъуэ сабий мелуанхэм. Мы гъэм и закъуэ сабий садхэм къахэхъуащ цIыкIу миным нэс зыщIэхуэн ухуэныгъэхэр. Къапщтэмэ, ди республикэм и гъэсапIэхэм фокIадэм и 2-м екIуэлIащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм я процент 96-рэ.

А IэнатIэхэм, къыкIэлъыкIуэу пэщIэдзэ еджапIэхэм, курыт школхэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щагъэтIылъ щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я лъабжьэ быдэр. Интернетым и Iэмалхэр нэсу къыщагъэсэбэп ди къалэхэм, къуажэхэм дэт школхэм. Я егъэджакIуэхэр я гъуэгугъэлъагъуэу, техникэ пэрытыр я Iэдэжу щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну егъэджэныгъэм пэрыхьэжащ ди республикэм и ныбжьыщIэ мини 115-м щIигъу. Япэ классым япэ дыдэ кIуахэм я бжыгъэми хэхъуэ зэпытщ. 2021-2022 гъэ еджэгъуэщIэм наIуэ къэхъуа бжыгъэхэм тепщIыхьмэ, апхуэдэ цIыкIухэм я бжыгъэр мин 12,5-м щIегъу.

ГъэсапIэхэмрэ курыт школхэмрэ щызрагъэгъуэт щIэныгъэм ныбжьыщIэхэм щыхагъахъуэ УФ-м, хамэ къэралхэм щыIэ университетхэм, институтхэм, колледжхэм, техникумхэм, нэгъуэщI еджапIэхэми. УФ-м и институт, университет, академие зэмылIэужьыгъуэу 1100-м нэсым гъэ еджэгъуэщIэм екIуэлIэжащ студент мелуани 8-м нэс. Колледжхэрэ техникуму 2 500-м щIигъум ныбжьыщIэ мелуани 2-м нэсым IэщIагъэ щызрагъэгъуэт.

Ди республикэм и унафэщIхэми гулъытэ хэха хуащI зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным. А IэнатIэм мы зэманым зэхъуэкIыныгъэфIхэр щокIуэкI, ахэр псори хуэунэтIащ ныбжьыщIэм ират щIэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным, егъэджакIуэм иIэ пщIэмрэ социальнэ мыхьэнэмрэ къэIэтыным. Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ дэнэкIи щекIуэкIа шыщхьэуIу зэIущIэхэр. ЩIэблэм щIэныгъэ етынымрэ гъэсэныгъэ екIу хэлъхьэнымрэ епха Iуэху зехьэкIэщIэхэрщ ахэр зытещIыхьауэ щытар. АтIэми, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор зэрыжиIамкIэ, мы зэманым псом япэ игъэщыпхъэр еджакIуэхэм я узыншагъэр хъумэныр аращ. IэнатIэм хэт псоми ткIийуэ ягъэзэщIэн хуейщ санитар-эпидемиологие хабзэм къигъэув мардэхэр. А псори я гъуэгугъэлъагъуэу, ди егъэджакIуэхэр хущIокъу щIэблэм щIэныгъэ куу етыным, гъэсэныгъэ екIу халъхьэным, ныбжьыщIэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, творческэ Iуэхухэм дегъэхьэхыным, спортым жыджэру хэшэным.

ЩIэныгъэншагъэр - ар кIыфIыгъэщ, насыпым и лъэныкъуэ куэдым пэIэщIэ узыщI Iуэхугъуэщ. Нэхугъэмрэ фIыгъуэмрэ, зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэ куэдымрэ я лъагапIэ инхэм ухуэзышэ щIэныгъэр Iэмал гъуэзэджэщ ди гъащIэр, псэукIэр едгъэфIэкIуэнымкIэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**







## БЕЗГОДЬКЭ Владимир (ЛДПР политикэ парт)

# ЦIыхухэм лей ехыныр къэвгъанэ!




**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат хэхыныгъэхэм сызэрыхэтым къыхэкIыу, куэдрэ къызоупщI ЛДПР политикэ партымрэ КъБР-м и Парламентым и ЛДПР фракцэмрэ пенсэм теухуа зэхъуэкIыныгъэхэм зэрыхущытым теухуауэ.**

НОБЭ сывдэгуэшэну сыхуейщ сэ а Iуэхум хузиIэ еплъыкIэмкIэ. Ар зэрыщыту тохуэ ЛДПР политикэ партым и программэм. Урысейм щызэфIэува пенсэ ухуэкIэм сыт и лъэныкъуэкIи щыщIэныгъэ и куэдщ. КъызэрыгуэкI цIыхум къыгурыIуэркъым икIи къибжыфынукъым жьы хъумэ къихьыну пенсэр зыхуэдизыр. АбыкIэ цIыхубэм лей ирах!

2020 гъэм Урысейм лIэхэм я бжыгъэр процент 18-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ (цIыху миным хуэзэу 323,8-рэ). Ар Росстатым къигъэлъэгъуа бжыгъэщ. 2021 гъэм а бжыгъэр нэхъыбэж хъунущ. Иджыпсту Урысейм и цIыхухэр зэрыхъужыр мелуани 146,24-рэщ. Ар мин 510-кIэ нэхъ мащIэщ 2020 гъэм щIышылэм и 1-м елъытауэ. Сыт абы къыбжиIэр? ИтIани къэралым и цIыхухэр пенсэ кIуэну щыхуит ныбжьым щыхагъахъуэ.

2018 гъэм Парламентым хэтым и нэхъыбэми Къэрал Думэм и депутатхэми жыджэру даIыгъащ пенсэ ныбжьым хэгъэхъуэныр. Ди къэралым и цIыхухэр нэхъ гъащIэ кIыхь хъуауэ къытщагъэхъуу. ПцIыщ! Иджырей цIыхухъухэр пенсэ щыкIуэ ныбжьым хуэдизрэ псэууэ аращ. Дэнэ гъащIэ кIыхь здэщыIэр? Сыт зи гугъу фщIыр?

### Ираудыхахэмрэ ягъэпудахэмрэ

Пенсэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм къаша псалъэмакъхэм нэмыщI пенсэ ныбжьым нэблэгъахэр ираудыхащ икIи ягъэпудащ. Ар пенсэ ныбжьым нэсыным илъэси 3-4 фIэкIа къызыхуэмынахэращ. Нэхъапэм абыхэм пенсэ къратынут иджы хуэдэм. Ауэ езэшами, сымаджэ хъуами емылъытауэ, къулыкъущIэхэм я щхьэ къизэрыхьа Iуэхум щхьэкIэ, ар зэдэIуа Къэрал Думэм и «Урысей зэкъуэт» фракцэм къыхилъхьам щхьэкIэ, ЦIыхухэм лэжьыгъэ къахуэзыгъуэт IуэхущIапIэхэм Iутщ. А ныбжьым итхэм папщIэ лэжьыгъэ щыIэкъым. Ахэр ухуакIуэ хъунуи, станок бгъэдэтынуи щIалэжккъым. Къахуэнэжыр вахтёр IэщIагъэращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лэжьапIэ IэнатIэр махуэ къэс нэхъ мащIэ хъу зэпытщ. Къулыкъу зыIыгъхэми гастарбайтерхэр къагъэсэбэп. «Пенсэ зэхъуэкIыныгъэхэм яужькIэ пенсионер мин 200-м нэс илъэс къэс я IэнатIэхэм къыIунэнущ», - жаIэрт IэщIагъэлIхэм. Аращ къэхъуари. А зэхъуэкIыныгъэхэм яужькIэ пенсэ ныбжьым гъунэгъу хуэхъуа куэд улахуэми, пенсэми пагъэкIащ. Властым и партым пенсэ ныбжьым щыхигъахъуэм, а ныбжьым гъунэгъу хуэхъуахэм лэжьыгъэ къыхуагъуэтыфын я гугъащ.

### Пенсэ тэмэм ухуей? ЛДПР-м щхьэкIэ Iэ Iэт!

ЦIыхухэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэун хэхъуэ яIэн хуейщ, къэралым къарит пенсэм щымыгугъыу. Къэралми и цIыхухэм гулъытэ нэхъыбэ яхуищIыпхъэщ. НобэкIэ ЛДПР-м и закъуэщ цIыхухэм къагурыIуэн, пенсэр зэратын хуей щIыкIэм теухуа Iуэху еплъыкIэ къызэрыгуэкI зиIэр. Пенсэ ныбжьым нэсауэ щытIысыжым деж дэтхэнэ зы цIыхуми зэрылэжьа илъэс бжыгъэм техуэу - зы илъэсым зы сом мин хуэзэу - иратын хуейщ. Илъэс 20-кIэ улэжьауэ утIысыжыну ухуей? Зыри пэрыуэгъу къыпхуэхъуркъым - уи пенсэр сом мин 20 мэхъу! Илъэс плIыщI улэжьа - сом мин 40 къыбохь! Нэхъыбэж къэпхьыну ухуеймэ, умытIысыж щIыкIэ уи пенсэ счётым ахъшэ гъакIуэ. Ари къэралым инфляцэм щихъумэн хуейщ. Мис ар хэлъхьэныгъэфIу щытынущ пхуагъэувыну пенсэм.

ХэхакIуэ лъапIэхэ! Сынывэупщlыну сыхуейщ: къулыкъущIэхэм къывах лейр къэзыгъэувыIэн фыхуей? ПсэукIэр тынш щIыным ехьэлIа хабзэ къыдэзымыгъэкI властыр фужэгъуа? Фи хуитыныгъэхэр зыхъумэн унафэщI фыхуей? Мис абы щыгъуэ ЛДПР-м къыбгъэдэкI БЕЗГОДЬКЭ ВЛАДИМИР ФЁДОР И КЪУЭМ щхьэкIэ Iэ фIэт!

## «Партия Роста»-м пенсэ Iуэхум халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм хэплъэжын хуейуэ къелъытэ




Пенсэ Iуэхум халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм урысей пенсэ ухуэкIэр зэпIэзэрыт, щыщIэныгъэншэ ящIауэ къыпхуэлъытэнукъым. Къэралым цIыхур пенсэ щыкIуэ ныбжьыр зэрыхигъэхъуам къыхуихьар жылагъуэр щхьэжагъуэ зэрищIарщ, иджырей властым хуащI Iулыджыр зэригъэкIуэдарщ, Пенсэ Фондым и мылъкур пIалъэ кIэщIкIэ фIэкIа зэримыхъумэфынурщ.

Иджыри илъэси 5-кIэ ар апхуэдэу къэбгъанэмэ, пенсэ ухуэкIэр зэрекIэкIуэнум шэч хэлъкъым. А Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжын папщIэ щIапхъэхэр мыращ:

1. Пенсэр баллхэмкIэ къэбжыныр щыгъэтауэ, цIыхур зэрылэжьа илъэс бжыгъэмрэ улахуэмрэ тещIыхьауэ гъэувын. Мыр нэхъапэми къагъэсэбэпу щытащ, цIыхухэм я дежкIи нэхъ тыншт.
2. 1967 гъэм къалъхуахэм папщIэ къэралым щхьэхуэу «Нэхъыжьхэм папщIэ фонд» къызэригъэпэщын хуейщ. Ар езы цIыхухэм къалэжьым къыхэкI ахъшэм щыщу щытынущ.
3. Пенсэ фондым хущыщIэ мылъкур гъэмэщIэн. Абы папщIэ фондым ахъшэр зытригъэкIуадэр къэпщытапхъэщ. Псалъэм папщIэ, ди зэманым Iуэхутхьэбзэ куэд электроннэ IэмалкIэ зэрызэфIахым къыхэкIыу, апхуэдиз IуэхущIапIэ имыIэми хъунущ. Пенсэ фондым и унэхэр щIыналъэ мылъку пщIыж хъунущ, пенсэ кIуахэр нэгъуэщI IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ лъэщапIэу къызэIупхыжмэ, сэбэпынагъ къыпэкIуэнущ.
4. ЦIыхухэм пенсэм епха я хуитыныгъэхэр езыхэм къыхахыжыну хуит щIын. Ар зэлъытауэ щытынур е я ныбжьырщ (цIыхухъухэри цIыхубзхэри илъэс 55-рэ нэхъ мынэхъ щIалэу) е зэрылэжьа илъэс бжыгъэрщ (илъэс 35-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ). Илъэс 35-кIэ улэжьамэ, илъэс 55-м пенсэ укIуэ хъунущ, пенсэ ахъшэу мащIэ фIэкIа къыумыхьу. Илъэс 70 ухъухукIэ улажьэрэ - къуатыну ахъшэр нэхъыбэу пенсэ укIуэнущ.
5. ЦIыхум и пенсэ стажыр къищэхуну хуитыныгъэ етын. Апхуэдэ Iэмал цIыхум яIэкъым иджыпсту. Пенсэ кIуэгъуэр къэса нэужь, яхуримыкъу илъэс бжыгъэр къащэхуу хуит щIын хуейщ.
6. Лажьэхэм я улахуэм хагъэкIыу ахъшэр хузэхуэхьэсыныр цIыхум зэрыхуейуэ къыхихыу зэтеухуэн хуейщ. ЦIыхум а Iэмалым тетыныр къыхихмэ, езыми и унафэщIми льготэ етыпхъэщ. Мылъку зэхэлъхьэ Iэмалыр къэублэжыпхъэщ. А ухуэкIэращ пенсэр нэхъыбэ, а зэрызэхуахьэс щIыкIэр нэхъ пэж зыщIынур.
7. Пенсэ счётхэр цIыхухэращ зейуэ щытын хуейр, армыхъумэ къэралракъым. Абы ипкъ иткIэ, дэтхэнэми езым и ахъшэм унафэ трищIыхьыжыфынущ, хуеймэ и щIэблэм иритыфынущ.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIахэм иджырей пенсэ ухуэкIэм зригъэхъуэжынурэ Урысейм и цIыхухэр я пщэдейм фIыкIэ щыгугъыу псэуфынущ.

**«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным теухуауэ» 20-нэ Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ тхыгъэхэр пщIэншэу тыдодзэ.**

# Удз гъэгъахэм я дуней

**ФокIадэм и 25-26 махуэхэм Налшык ЗэгурыIуэныгъэм и утым щекIуэкIынущ удз гъэгъахэм я фестиваль.**

ЩIЫПIЭХЭР гъэдэхэным теухуауэ екIуэкIыну мастер-классхэм хэтыну ирагъэблагъэ ди республикэм щыпсэухэри щыхьэщIэхэри.

«Арт-дизайн» мардэм тету а махуэм къалэм къыщызэрагъэпэщынущ удз гъэгъам къыхэщIыкIа теплъэгъуэ дахащэхэмрэ къалэ хадэрэ.

Сыт щыгъуи ягъэлъагъуэ удз гъэгъа композицэхэмрэ павильонхэмрэ къадэкIуэу Москва къикIа дизайнерхэм япэу утыку кърахьэнущ къэмыхъуа объект телъыджэхэр. Фестивалыр зэфIэкIа нэужь абыхэмкIэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр ягъэщIэрэщIэнущ.

- Налшык паркым къыщызэрагъэпэщыну хадэм сабийхэр димыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. ЯфIэгъэщIэгъуэну ахэр кIэлъыплъынущ хадэхэкIхэр зэрыхасэм, зэрызэрахьэм, хъуа нэужь къызэрырахьэлIэжым, - жиIащ къалэм и зыужьыныгъэмкIэ «Арт-зал «Платформа» институтым и унафэщI Шыхъуэстэн Оксанэ.

Фестивалым хэтыну щIыпIэхэр гъэдэхэным ехьэлIа мастер-классхэр ирагъэкIуэкIынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**Шэшэн Республикэм и Грознэ къалэм фокIадэм и 11-19 махуэхэм щекIуэкIынущ Лъэпкъ театрхэм я «Федерация» III Урысейпсо фестивалыр.**

ЗЭХЫХЬЭ иным и япэ зэIущIэр, а махуэ дыдэхэм ирихьэлIэу, 2019 гъэм зэхашат, Театрхэм я илъэсым къызэрагъэпэща Iуэху нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ ар зэрыщытами пцIы хэлъкъым. Ар щекIуэкIам УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Калягин Александррэ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзанрэ жаIат «Федерация»-р илъэс къэс зэхэшэн хуейуэ. Iуэхум игъуэта мыхьэнэр ягъэмэщIакъым 2020 гъэми. Пандемием цIыхухэр зригъэува щытыкIэ гугъум емылъытауэ, урысейпсо зэхьэзэхуэм и етIуанэ зэIущIэр дахэу, Iэтауэ ирагъэкIуэкIащ.

Фестивалым щагъэлъэгъуа спектаклхэр зыр адрейм ехьэехуэу фIы защIэт, зэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ягъэува мардэхэм изагъэрт, мурадхэм хуэкIуэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, фестивалым и къалэнхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми я зэхуэдэ щэнхабзэ утыку къызэгъэпэщыныр; театрым дихьэххэр я хэкур фIыуэ ялъагъуу, псэ къабзэрэ хьэлэрэ яIэу, эстетикэ гъэсэныгъэ етыныр; щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр зыхегъэщIыкIыныр; лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэрэ лъагъуныгъэрэ дэлъхьэныр; къэралым и лъэпкъ театрхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр, я лэжьыгъэм хэлъ нэхъыфIхэмкIэ ахэр зэдэгуэшэныр, нэгъуэщIхэри.

# Театрхэм я фестиваль




Жылагъуэ-политикэ мыхьэнэ, художественнэ лъагагъ ин зэриIэм къыхэкIыу Фестивалыр федеральнэ Iуэху хъуащ, Урысейм и Президент Путин Владимир ар и нэIэм щIэтщ, илъэс къэс егъэкIуэкIынри хабзэ ящIащ.

КъызэгъэпэщакIуэр УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Урысейм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэщ. Ар ирагъэкIуэкI «Культура» лъэпкъ проектым хыхьэу, Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэр и щIэгъэкъуэну.

Фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуэнущ Хакасием, Тэтэрстаным, Саха-Якутие, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Карелие, Дагъыстэн, Алтай, Коми, Марий-Эл, Шэшэн республикэхэм я театрхэм. Зэхыхьэшхуэм кърихьэлIахэм я пащхьэ кърахьэнущ дунейпсо, иджырей, лъэпкъ драматургиехэм щыщ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Махуийм и кIуэцIкIэ спектакль 14 ягъэлъэгъуэнущ.

Дэтхэнэ зы зэIущIэ инми хуэдэу, «Федерация» фестивалым хэтынущ щэнхабзэ программэ. Псоми тщIэ, щIэх-щIэхыурэ къагъэсэбэп мастер-классхэм, семинархэм, «стIол хъурейхэм», лабораторэхэм къадэкIуэу, фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм абы хагъэхьащ нэгъуэщI щIэщыгъуэхэри. Псалъэм папщIэ, federation-кейс, видео-салон, директор бранч, дискуссия-баттл, public talks зыфIащахэр, творческэ зэIущIэхэр.

Фестивалым и ещанэ зэхуэсым и къызэгъэпэщакIуэхэм я фIэщ мэхъу абы хэтхэми кърихьэлIэхэми а махуэхэр гукъинэж зэращыхъунур. Урысейм и щIыналъэ 11-м ящыщу цIыху 400-м щIигъу екIуэлIэнущ фестивалым.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# КъуэщIысокъуэр етIуанэу токIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ, къегъэлынымкIэ и IуэхущIапIэм и ПСЧ №21-м и хэщIапIэм щекIуэкIащ «2021 гъэм мафIэсгъэункIыфI машинэм и шофёр нэхъыфI» цIэм щыщIэбэна зэпеуэ. Абы хэтащ IэнатIэм и мафIэсгъэункIыфI къудамэ псоми я лIыкIуэхэр.**

ЗЭХЫХЬЭР Iуэхугъуэ гуапэкIэ щIадзащ: мафIэсгъэункIыфI автомашинэр зезыгъакIуэ Къылыш Владимир и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъумкIэ къулыкъущIапIэм и лIыкIуэхэмрэ ПСЧ №21-м и гупымрэ ехъуэхъури, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ, къегъэлынымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Къардэн Анзор къыбгъэдэкI фIыщIэ письмор иратащ.

Зэпеуэр ирагъэкIуэкIащ я къалэным зэрыхуэхьэзырыр къалъытэн икIи IуэхущIапIэм и мафIэсгъэункIыфI автомашинэм и шофёрхэм я нэхъыфIыр къыхэхын мурадкIэ, апхуэдэуи я Iэзагъым, зэфIэкIым хагъэхъуэн папщIэ.

Япэ Iыхьэм зэпеуэм хэтхэм зыпэрыт IэнатIэм гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм теухуа упщIэхэм жэуап иратащ. ЕтIуанэм лэжьыгъэм зэрыхащIыкIыр IуэхукIэ къагъэлъэгъуащ.

«ЕтIуанэ Iыхьэм зэпеуэм хэтхэм балл нэхъыбэ къыщахьащ, сыту жыпIэмэ, ар теорие Iыхьэм елъытауэ куэдкIэ нэхъ удэзыхьэхт икIи гъэщIэгъуэнт», - жиIащ IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэм и унафэщI Сэбан Арсен.

Зэпеуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжри, мафIэсыгъэункIыфI автомашинэм и шофёр нэхъыфIу къалъытащ Бахъсэн районым и Къубэ-Тэбэ къуажэм щыIэ ПСЧ №20-м и лэжьакIуэ КъуэщIысокъуэ Андзор. Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэситI ипэкIи абы бжьыпэр иубыдауэ щытащ. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ ПСЧ №8-м (Къэщкъэтау) и лэжьакIуэ Дэхъу Аскер, КIэмпIарэ Аслъэн (ПСЧ-6, Май къалэ) ещанэ увыпIэр къихьащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**



# Дахагъэм и жылэ

**«Бжьыхьэ-2021» фIэщыгъэм щIэту Налшык дэт Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ КъБР-м и сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ.**



КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихащ.

- Республикэм и сурэтыщIхэм илъэсым къриубыдэу ящIа лэжьыгъэхэр ди пащхьэ къыщрахьащ мы пэшым. Абыхэм дапщэщи яхэтащ икIи яхэтщ сурэтыщI телъыджэхэр, зи дунеи еплъыкIэкIэ, гупсысэкIэ узытхьэкъухэр. Апхуэдэхэм я сурэтхэр ди республикэм и мызакъуэу Урысейм и щIыпIэ куэдым къыщацIыху, уеблэмэ, хамэ къэралхэми абыхэм щIэупщIэ ин щаIэщ. Уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу жыпIэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым сурэтыщI гъуазджэм зыужьыныгъэ ин щигъуэтауэ. Къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым мы пэшым зыщуплъыхьыну зэрыгъэщIэгъуэныр. СурэтыщIхэм къагъэщIа образхэм щIалъхьа гупсысэхэм малъхъэдису узэIэпашэ, - жиIащ Къумахуэм.

Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч** пищащ министрым и псалъэхэм.

- Республикэм щIэгушхуэн цIыху куэд иIэщ. Ди сурэтыщIхэм щIыпIэ куэдым лъытэныгъэ зэрыщагъуэтым ущымыгуфIыкIын плъэкIыркъым. КъБР-м и щэнхабзэ гъащIэм хуэфщIа хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэ ин фхузощI, - жиIащ Заурбэч.

УФ-м, КъБР-м я цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэм-кIэ Урысей Академием и академик, профессор **Пащты Герман** и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ сурэтыщIхэми пандемиер зэран къазэрыхуэхъуар, ауэ щыхъукIи, гъэлъэгъуэныгъэр абы зыкIи нэхъ фагъуэ имыщIыфауэ къызэрилъытэр.

Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс къызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэм мы гъэм нэхъыбэ къэкIуэну зэрыгугъэмкIэ къыщIидзащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**:

- Гъэ кIуами мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ тщIат, ауэ коронавирусым и зэранкIэ мащIэ дыдэ фIэкIа къедгъэблагъэфакъым. Шэч хэмылъу, мы илъэсым гугъут улэжьэну, гъэлъэгъуэныгъэ пщIыну, ауэ ди сурэтыщIхэр а щхьэусыгъуэхэми къигъэувыIакъым, нобэ я IэдакъэщIэкIхэм музейм и пэшхэр ягъэдахэ.

Лэжьыгъэищэм нэблагъэ къыщыгъэлъэгъуащ музейм и пэш Iэхуитлъэхуитым. СызэрыщIыхьэу гу зылъыстари апхуэдэ плъыфэбэ куэдрэ сызэрырымыхьэлIэрщ. ГъэщIэгъуэнщ абы зи IэдакъэщIэкI къыщыгъэлъэгъуа сурэыщIхэм я хъэтIым иIэ зэщхьэщыкIыныгъэр зэбгъэпщэну, щхьэж и гупсысэ, дуней лъагъукIэ уи нэгу къызэрыщIигъэувэ Iэмалхэр, плъыфэхэр, еплъыкIэхэр зэрызэхапщэ щIыкIэр. Зы псалъэкIэ жыпIэнумэ, мы выставкэр бейт, плъыфэкIи, гупсысэкIи, сурэтыщI IэзагъэкIи. Зытеухуа бжьыхьэм хуэдэу!

БжэIупэм шей ефэу щыс лIым бжьыхьэм и фащэ щыгъыу, пэгунитIкIэ - лэч плъыжьрэ гъуэжьрэ иIыгъыу къыщхьэщылъатэ (дауи, бжьыхьэ образщ иIэр) хъыджэбз тхьэIудым, зэманитIым яку зиплъыхьыу дэт нэ закъуэм, бжьамийкIэ бжьыхьэр къезыджэ щIалэм, Iуданэ зэмыфэгъукIэ хэдыкIа шы къуэлэнпщIэлэным къытебгъэзэжурэ уеплъми защумыгъэнщIу, куэдым урагъэгупсыс.

И фIэщыгъэм тепщIыхьмэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр бжьыхьэхуеджэ хуэдэу ящIауэ къызыщыхъуни щыIэщ, ауэ мыбы ириджэ псом я щхьэщ дахагъэм и жылэ, гупсысэм и напIэ къигъэпщIауэ укъызэрыщIэкIыжыр.

ФокIадэм и 18 пщIондэ екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм феплъыну IэмалыфI фиIэщи, блэвмыгъэкI.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) 1:2 (0:1). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. ФокIадэм и 4-м. ЦIыху исакъым.**

***Судьяхэр:*** Лавицев (Шахты). Тюмидов (Элиста), Туркин (Астрахань).

***«Мэшыкъуэ-КМВ»:*** Гиголаев, Пунегов, Демидов (Никитин, 46), Гагиты, Сергеев (Абдокъуэ, 60), Парадин, Родин, Тобоев (Гайворонский, 75), Джумай, Мавлянов, Дулаев (Рамазанов, 81)

***«Спартак-Налшык»:*** Антипов, Ольмезов, Шумахуэ З., КIэдыкIуей, Шумахуэ И., Дэхъу, Черткоев (Бэчбо, 65), Бенедык (Бахъсэнокъуэ, 75), Торосян (Къумыкъу И., 65), Бажэ (Бэгъэтыр, 53), Ашуев (ЛIуп, 75)

***Топхэр дагъэкIащ:*** Бажэм, 36 (0:1). Дулаевым, 48-пенальтикIэ (1:1). Ашуевым, 71-пенальтикIэ (1:2).

***Дагъуэ хуащIащ*** Демидовым, Джумай, Бенедык, Гагиты, Дэхъум, Абдокъуэм, Дулаевым.

***Джэгум къыхахуащ*** Гагиты.



# «Мэшыкъуэ-КМВ»-р япэу хагъащIэ

ЩЭБЭТЫМ «Спартак-Налшыкыр» Псыхуабэ къалэм щыIущIащ щIыпIэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м. ЗэпэщIэтыныгъэр гупхэм хуэсакъыпэурэ къыщIадзащ - дэтхэнэми къыгурыIуэрт щыуагъэ яIэщIэкIмэ адэкIэ гъэзэкIуэжыным гугъуехьышхуи зэмани зэрытекIуэдэнур.

Джэгум и нэхъыбэр щекIуэкIыр губгъуэм икурт. Абы щыгъуэми Iэмал къахукъуэкIмэ, ебгъэрыкIуэныгъэ къызэрагъэпэщырт. Апхуэдэхэм ящыщ зым топыр къыIэрыхьэри хэгъэрейхэм я гъуэмкIэ иунэтIащ Ашуевым. ГъуащхьэхъумэхэмяIэщIэкIри налшыкдэсхэм я гъуащхьауэр зэуа топым Гиголаевым угловойм игъакIуэу фIэкIа къыхуегъэгъэзакъым. Ар къыхитэну бгъэдыхьащ «Спартак-Налшыкым» къэзыгъэзэжагъащIэ Бажэ Амир. Абы къыхита топым зыри лъэIэсакъым икIи занщIэу «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуэм дыхьащ - 0:1.

Апхуэдэ бжыгъэм сыт и лъэныкъуэкIи арэзы къимыщI, иджыри къэс зэи къыхамыгъэщIа хэгъэрейхэм щытыкIэр ягъэзэкIуэжыну нэхъ жыджэр зыкъащIыжащ. Ди щIалэхэр абы хуэхьэзырти, гупым и нэхъыбэм я лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдат. АрщхьэкIэ, зэIущIэм и япэ Iыхьэм и кIэух дыдэ дакъикъэм «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и кIэн къикIыным зымащIэщ иIэжар. «Спартак-Налшыкым» и лъэныкъуэмкIэ къыщыхата угловойм иужькIэ топыр футболист зыбжанэм къагъэлъеижри Гагиты къыIэрыхьащ. Антиповым и гъуэм хуэзанщIэу иужьрейр еуащ, ауэ тэмэму темыхуэу топыр нэгъуэщIыпIэкIэ лъэтащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа нэужь хэгъэрейхэм ипэкIэ яунэтIащ. 47-нэ дакъикъэр екIуэкIыу «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьауэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр хабзэм къемызэгъыу штрафнойм иту къызэпиудащ Шумахуэ Идар - пенальти! Метр 11-м и деж Дулаевыр зэуа топым ди гъуащхьэтетым къыхуегъэгъэзакъым - 1:1.

ЗэIущIэм и бжыгъэр зэхуэдэ зэрыхъужам хэгъэрейхэми къаруущIэ къахилъхьэжащ. Налшыкдэсхэми текIуэныгъэр яIэщIэкIынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр къагурыIуэри нэхъ жыджэр къэхъуащ.

Апхуэдэ зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм хэту топыр къызыIэрыхьа Багъэтырыр хабзэм къемызэгъыу игъэджэлащ Гагиты. ЗэпэщIэтыныгъэм къриубыдэу етIуанэ дагъуэ къызыхуащIа хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъумэр судьям джэгум къыхихуащ.

Зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу къызэрынам къыхэкIыу «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и джэгукIэри нэгъуэщI щытыкIэу зэтриубылэн хуей хъуащ. «Спартак-Налшыкми» зэIущIэр зэрыхуейм хуэдэу адэкIэ иригъэкIуэкIыу щIидзащ, щIэх-щIэхыурэ ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэхэр къызэригъэпэщу. ЕтIуанэ Iыхьэм и ныкъуэр блэкIа къудейуэ ди щIалэхэм пенальти къыщыхудагъэкIа щытыкIэм къытригъэзэжащ, ауэ иджы штрафнойм щраудар Шумахуэ Идарт. Изыудари нэхъапэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ зыщIыжа Дулаевырат. 71-нэ дакъикъэм пенальтир Iэзэу игъэзэщIащ Ашуевым икIи «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэ къыхуэзыхьа, «Мэшыкъуэ-КМВ»-р мы зэхьэзэхуэм япэу зэрыхагъэщIа топыр дигъэкIащ - 1:2.

Зэпеуэм бжыпэр зэрыщиIыгъщ Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м. Еблanэ джэгугъуэм бжыгъэшхуэкIэ **5:2**-уэ Таганрог и «**Форте**»-р хигъащIэри, Дон Iус **Ростов** и **СКА-р** турнир таблицэм и ещанэ увыпIэм зыщигъэбыдащ. Жэуапыншэ топитху Владикавказ и «**Алания-2**»-м и гъуэм дигъэкIащ Новороссийск и «**Черноморец**»**-м - 5:0**.

Джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **2:1**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **0:1**, «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - «**Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, «**Динамо**» (Ставрополь) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловская) - **3:0**.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2021-2022 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Анжи»** | **7** | **6** | **0** | **1** | **14-3** | **18** |
| 2. «Чайка» | 7 | 5 | 1 | 1 | 17-4 | 16 |
| 3. СКА | 7 | 5 | 1 | 1 | 17-5 | 16 |
| 4. «Динамо» | 6 | 4 | 2 | 0 | 10-1 | 14 |
| 5. «Форте» | 6 | 4 | 1 | 1 | 11-6 | 13 |
| 6. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 6 | 3 | 2 | 1 | 11-5 | 11 |
| 7. «Черноморец» | 7 | 3 | 1 | 3 | 9-8 | 10 |
| 8. «Легион Динамо» | 6 | 2 | 3 | 1 | 9-5 | 9 |
| **9. «Спартак-Налшык** | **7** | **2** | **3** | **2** | **6-6** | **9** |
| 10. «Динамо» | 7 | 2 | 2 | 3 | 8-9 | 8 |
| 11. «Биолог-Новокубанск» | 6 | 2 | 1 | 3 | 7-6 | 7 |
| 12. «ТIуапсы» | 7 | 2 | 1 | 4 | 6-9 | 7 |
| 13. «Ротор-2» | 5 | 1 | 1 | 3 | 4-8 | 4 |
| 14. «Алания-2» | 7 | 1 | 1 | 5 | 5-20 | 4 |
| 15. «Дружба» | 7 | 1 | 0 | 6 | 4-16 | 3 |
| 16. «ЕсэнтIыгу» | 7 | 1 | 0 | 6 | 5-27 | 3 |
| **17. «Кубань-Холдинг»** | **5** | **0** | **2** | **3** | **2-7** | **2** |

# Дэни щыпашэщ прохладнэдэсхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и япэ къекIуэкIыгъуэр иухащ шыщхьэуIум и 28-м, еплIанэ джэгугъуэм щыщу ягъэIэпхъуауэ щыта «Энергетик»-мрэ «Родник»-мрэ я зэIущIэмкIэ. Абы щытекIуэм зэхьэзэхуэм бжыпэр щиубыдынут.**

ТХЬЭМАХУИТI нэблагъэ ипэкIэ Прохладнэ щызэхэта зэIущIэм куэд пэплъэрт. Щыгугъи щыIэт республикэм и нэгъабэрей чемпион «Энергетик»-р Псынэдахэ къикIахэм къызэтрагъэувыIэфыну. АрщхьэкIэ нобэрей прохладнэдэсхэм къапэлъэщын Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхъэрэми зэрыщымыIэр хэгъэрейхэм наIуэ дыдэу къагъэлъэгъуащ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым зыхэт гупым адрейхэр зыкъомкIэ къызэринэкIыу бжьыпэр щызыубыда «Энергетик»-м ардыдэр республикэми щищIащ, къыкIэлъеIэ «Родник»-р бжыгъэшхуэкIэ хигъащIэри. Тхьэмахуэ дэкIри, пашэныгъэр зыIэрыхьахэм хьэдэгъуэдахэ дыдэ Тырныауз щалэжьащ, щIыпIэ «Эльбрус»-м и гъуэм жэуапыншэу топ пщыкIутI худагъэкIащ. ХьэщIэхэр нэхъ зэпIэзэрыту щытыпхъэтэкъэ?! АрщхьэкIэ спортым и хабзэхэр нэгъуэщIщ.

Прохладнэдэсхэм я кIапэр зэкIэ зымыутIыпщыр джылахъстэнейхэм я закъуэщ. Иджыри къэс зыми къыхимыгъэщIэфа «Тэрчыр» нобэкIэ «Энергетик»-м къызэрыкIэрыхур зы очко закъуэщ.

Прохладнэ къызэрыщыхагъэщIар «Родник»-м хуабжьу зэхищIащ. Абы и щыхьэтщ тхьэмахуэ дэкIа иужькIэ Псыгуэнсуи 0:1-уэ зэрыщыфIахьари. Старэ Шэрэдж къуажэм очкоитI щыфIэкIуэдащ пашэхэм япэмыжыжьэ «Кэнжэми».

Турнир таблицэм и лъащIэм Iуэхухэр зэрыщыщытщ. Абы и кIэух дыдэ увыпIэр быдэу иIыгъщ зэIущIэ 16-м къыхудагъэкIа топхэр 100 иризыгъэкIуа «Нартым». Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм мы гъэм ар къызэрыхагъэкIынум шэч къытезыхьэ щыIэжу къыщIэкIынкъым. Абы занщIэу гъусэ хуэхъунур хэтми зэкIэ яхузэхэгъэкIыркъым «Шэрэджымрэ» «Эльбрус»-мрэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Эльбрус**» (Тырныауз) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **0:12**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:0**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **3:6**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **3:3**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2:1**, «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **1:1**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **1:0**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Малка**» (Малкэ) - **1:0.**

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэIущIэнущ: *фокIадэм и 11-м* - «Шэрэдж» - «Родник», «Кэнжэ» - «Спартак-Д», «Шэджэм-2» - «Тэрч» , «ХьэтIохъущыкъуей» - «Энергетик»; *фокIадэм и 12-м* - «Эльбрус» - «Нарт», «Ислъэмей» - «Урыху», «ЛогоВАЗ» - «Псыгуэнсу», «Малка» - «Шэрджэс» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Энергетик»** | **16** | **13** | **2** | **1** | **79-17** | **41** |
| **2. «Тэрч»** | **16** | **12** | **4** | **0** | **52-12** | **40** |
| **3. «Родник»** | **16** | **11** | **2** | **3** | **63-19** | **35** |
| 4. «Кэнжэ» | 16 | 10 | 5 | 1 | 41-20 | 35 |
| 5. «Урыху» | 16 | 10 | 3 | 3 | 52-33 | 33 |
| 6. «Ислъэмей» | 16 | 9 | 1 | 6 | 55-40 | 28 |
| 7. «Шэрджэс» | 16 | 7 | 3 | 6 | 40-53 | 24 |
| 8. «Шэджэм-2» | 16 | 7 | 3 | 6 | 34-42 | 24 |
| 9. «Псыгуэнсу» | 16 | 5 | 5 | 6 | 30-32 | 20 |
| 10. «Малка» | 16 | 6 | 1 | 9 | 38-42 | 19 |
| **11.** «ХьэтIохъущыкъуей» | 16 | 5 | 1 | 10 | 29-46 | 16 |
| 12. «ЛогоВАЗ» | 16 | 4 | 4 | 8 | 35-45 | 16 |
| 13. «Спартак-Д» | 16 | 4 | 3 | 9 | 31-34 | 15 |
| 14. «Эльбрус» | 16 | 2 | 3 | 11 | 24-60 | 9 |
| **15. «Шэрэдж»** | **16** | **2** | **2** | **12** | **27-61** | **8** |
| **16. «Нарт»** | **16** | **0** | **0** | **16** | **26-100** | **0** |

# «Дыщэ лъагъуэ»

**Апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу иджыблагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ Щоджэн Риммэ и тхылъыщIэ.**

ЗЕИКЪУЭ къуажэм щыщ, сабииплI зиIэ унэгуащэр илъэсих ипэ кIуат и Iэрытхыр иIыгъыу Котляров Виктор и деж. Редактор Хьэту Пётр печатым хуигъэхьэзырри, 2015 гъэм къыдэкIащ щIэджыкIакIуэхэм ягу ирихьа, «Розэм тедия нэпс» зыфIища тхылъыр. 2016 гъэм дунейм къытехьащ Риммэ и «Сыхуиту зы сыхьэт уи гъащIэм щызгъэгъуэт» тхылъыр, и зы повестрэ Iуэтэжхэмрэ щызэхуэхьэсауэ. А илъэс дыдэм Щоджэн Риммэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

2017 гъэм абы къыдигъэкIащ и усэ «хужьхэр» зэрыт «Псэм и лэрыпс» сборникыр. 2019 гъэм Риммэ и IэдакъэщIэкIхэр яIэрыхьащ урысыбзэкIэ еджэ цIыхухэм. ЗэдзэкIакIуэ Iэзэ Мэремкъул Ларисэ урысыбзэм иригъэзэгъауэ дунейм къытехьащ Щоджэным и повесть кIэщIхэмрэ и рассказхэмрэ. «Свет, зажжённый молнией» зи фIэщыгъэ тхылърaщ ахэр зэрытыр.

Зи гугъу тщIахэм къакIэлъыкIуащ «Уэгум щыхуарзэ псэ», «Насыпыр щхьэтепхъуэ пхуэсщIащ», «ГъащIэм хабзэ иIэжщ» тхылъхэр. Иджы ди пащхьэ илъыр Щоджэн Риммэ и IэдакъэщIэкI еянэщ. МызыгъуэгукIэ Риммэ и IэрыкIхэм IуэрыIуатэр лъабжьэ хуищIащ. «Дыщэ лъагъуэ»-м итщ сабийхэм яхуэгъэза таурыхъ гъэщIэгъуэнхэр, язынықъуэхэм лIыхъужьу хэтщ къызэрыгуэкI цIыхухэр, адрейхэм къэгупсысахэр, псалъэм папщIэ, жыг псалъэ, шы къэзылъэтыхь, иныжьхэр, нартхэр. Тхылъым и редактор Хьэту Пётр къызэрыхигъэщымкIэ, ахэр апхуэдизкIэ екIуу таурыхъым хэтщи, къэхъур плъэмыкIыу уи фIэщ мэхъу, уи нэгуми IупщIу къыщIоувэ. Риммэ и псысэхэм, шыпсэхэм, дэтхэнэ таурыхъми ещхьу, фIыр ем щытокIуэ, фIыуэ зэрылъагъухэр щызэрогъуэтыж, е зылэжьам тезыр ехь.

Зеикъуэ бзылъхугъэ гуащIафIэм и тхылъыр, адрей и IэдакъэщIэкIхэми хуэдэу, сурэтхэмкIэ зыгъэщIэрэщIар ипхъу Унэж-Щоджэн Залинэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**




**Редактор нэхъыщхьэ**
**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Маритэ,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Къуэдзокъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 • Тираж 1.860 • Заказ №2009